

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Dina ieu panalungtikan dicindekkeun yén kecap sulur téh nya éta kecap anu dipaké pikeun nyuluran atawa ngaganti kalungguhan kecap barang. Tina hasil analisis data kecap sulur anu kapanggih dina novél *Pipisahan* karangan RAF aya 58 kecap sulur. Ari jumlah makéna dina wacana novél kapanggih aya 2982 kali. Kecap sulur anu kapanggih téh nya éta: *abdi, abdina, anjeun, anjeunna, anu, aranjeunna, dieu, dieukeun, dikakuringkeun, dikananaonkeun, dinya, dinyah, dinyana, ditu, dituna, éta, éta-éta, étana, ieu, ieuh, inya, inyah, iraha, itu, ituna, karieu, kieu, kitu, kituna, kuma, kumaha, kuring, kuringan, kuringna, mana, mana-mana, manéh, manéhna, maranéh, maranéhna, -na, naha, nanaon, naon, naon-naon, naon-naonna, nu, pun, sabaraha, sababaraha, saha, sakitu, sakitukituna, sakumaha, sasaha, saurang, urang jeung urangna*.

Kecap sulur anu panglobana kapanggih atawa dipaké dina novél *Pipisahan* karangan RAF, nya éta kecap *kuring*. Frékuénsi makéna aya 763 kali (25, 58%). Ari kecap sulur anu pangsaeutikna muncul nya éta kecap *abdina, aranjeun, dikananaonkeun, dinyah, éta-éta, étana, inya, inyah, kuringan, sakitu-kituna, jeung urangna*. Masing-masing frékuénsi makéna kecap dina wacana novél ngan ukur sakali.

Kecap-kecap sulur anu kapanggih dina novél téh dianalisis dumasar kana wangun, fungsi jeung ma'nana. Hasil analisis bisa dicindekeun saperti kieu:

- 1) Disawang tina wangunna, kecap sulur téh aya nu mangrupa (1) kecap salancar, (2) kecap rundayan, jeung (3) kecap rajékan. Kecap sulur salancar anu kapanggih nya éta *abdi, anjeun, anu, dieu, dinya, dinyah, ditu, éta, ieu, ieuh, inya, inyah, iraha, itu, kieu, kitu, kuma, kuring, mana, manéh, naha, naon, nu pun, sabaraha, saha, jeung urang*. Kecap sulur rundayan nya éta *abdina, anjeunna, aranjeunna, dinyana, dituna, étana, ituna, dieukeun, dikakuringkeun, dikananaonkeun, karieu, kuringna, kuringan, manéhna, maranéh, (kecap sulur –na anu jumlahna 311), sakitu, sakumaha, saurang, jeung urangna*. Kecap sulur rajékan nya éta: *éta-éta, mana-mana, naon-naon, naon-naonna, nanaon, sasaha, sakitu-kituna, jeung sababara*.
- 2) Disawang tina fungsina, kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF mibanda fungsi pikeun: (1) gaganti jalma (kahiji, kadua, katilu), (2) gaganti milik (jalma I, II, II), (3) gaganti panuduh, (4) gaganti pananya, jeung (5) gaganti nu teu tangtu.
- 3) Disawang tina ma'nana, kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF ngabogaan ma'na: (1) jalma kahiji (tunggal jeung jamak), (2) jalma kadua (tunggal jeung jamak), (3) jalma katilu (tunggal jeung jamak), (4) panuduh hal/cara, (5) panuduh tempat, (6) panuduh umum, (7) pananya alesan/sabab, (8) pananya cara, (9) pananya jalma, (10) pananya jumlah, (11) pananya umum, (12) milik jalma kahiji, (13) milik jalma katilu, (14) nu teu tangtu (umum, tempat, jalma, jeung jumlah).

**Kania Nurlatifah, 2013**

Analisis Kecap Sulur Dina Novel Pipisahan Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa

Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Kecap sulur tina novél *Pipisahan* karangan RAF bisa dijadikeun bahan ajar maca di SMA. Indikator jeung matéri kecap sulur ogé heunteu lepas tina standar kompetensi jeung kompetensi dasar basa Sunda. Dina midangkeun bahan ajar kecap sulur dicutat heula wacana tina novél, tuluy dianalisis kecap sulurna sarta siswa dipapancénan nyungsi kecap sulur tina bacaan.

## 5.2. Saran

Aya sawatara saran anu perlu ditepikeun dina ieu panalungtikan.

- 1) Ieu panalungtikan téh sumber datana nalungtik kecap sulur dina bahan bacaan (wacana fiksi) nya éta wangun tinulis saperti novél *Pipisahan* karangan RAF. Ku kituna, disarankeun aya panalungtikan séjén anu sumber datana tina wangun lisan.
- 2) Ieu panalungtikan ngan saukur kecap sulur dumasar kana fungsi jeung ma'nana. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ambahan kecap sulurna leuwih lega.
- 3) Bahan pangajaran kecap sulur dina ieu panalungtikan sifatna tioritis kénéh nya éta ngan saukur rarancang pangajaran anu can kana prak-prakanana dina pangajaran. Ku kituna, kudu diayakeun panalungtikan kecap sulur anu bahanna langsung diuji cobakeun ka siswa, sangkan bisa ningali kamampuh jeung pangaweruh siswa ngeunaan kecap sulur.